

Ou gen kesyon sou fakti? Nou la pou nou ede ou!

Fason pou ou kontakte nou:

- Voyer yon mesaj bay reprezantan fakti a atravè kont MyGeisinger/MyChart ou a.
- Rele nou nan nimewo **800-640-4206**.

Kèk rezon pou ou kontakte nou:

- Pou yo ka ede w konprann yon deklarasyon fakti
- Pou ou fè yon peman
- Pou ou mete enfòmasyon sou asirans ou an ajou oswa pou ou chanje l.
- Pou ou mete adrès postal ou ajou
- Pou ou diskite sou opsyon peman
- Pou ou planifye yon reyinyon ak yon konseye finansye nan youn nan plizyè lokal nou yo

Dosye medikal Geisinger ou a.

Pou ou asire nou kredite kont ou an kòrèkteman, bay nimewo dosye medikal Geisinger pasyan an, nimewo avalizè a ak dat nesans li. Chak pasyan gen yon nimewo dosye medikal ak nimewo avalizè sèl li menm genyen. (Yon avalizè se yon moun ki responsab pou peye fakti a.) Epitou ou pral bezwen youn nan nimewo sa yo pou ou verifye estati kont ou an. W ap jwenn toulede nimewo sa yo nan pati anlè deklarasyon w la.

Geisinger aksepte:

- Chèk pèsonèl, chèk bank, oswa manda postal, pou peye *Geisinger Health*
- Kat kredi Discover, Mastercard ak Visa oswa kat debi
- Apple Pay ak Google Pay
- Lajan Kach (nan kote yo deziyen)

An rezime:

- Nou ka bay estimasyon anvan sèvis yo.
- Nou gen resous pou ede w jwenn kouvèti asirans.
- Konseye finansye yo disponib nan plizyè kote pou bay èd an pèsòn.
- Yo dwe fè Peman yo anvan oswa nan dat sèvis la.
- Pwogram asistans finansye nou an ede pasyan yo selon revni ak kantite moun ki nan fanmi an.
- Ale sou [geisinger.org](https://www.geisinger.org) pou plis enfòmasyon sou fakti.

Fason pou ou peye

Sou entènèt:

[geisinger.org/billpay](https://www.geisinger.org/billpay)

[geisinger.org/mygeisinger](https://www.geisinger.org/mygeisinger)

Pa lapòs:

Geisinger
P.O. Box 983154
Boston, MA 02298-3154

Nan Telefòn:

800-640-4206

An pèsòn:

Nan nenpòt lokal Geisinger

Asirans ou an ak opsyon peman w yo

Geisinger

Bwochi sa a pral ede w pi byen konprann opsyon pou fakti ak peman sèvis Geisinger yo. Ou gen kesyon? Rele Sant Apèl Sèvis Pasyan an nan nimewo 800-640-4206.

N ap kontan ede w.

Anvan sèvis

Geisinger ka ede w detèmine pri swen an anvan yo bay sèvis yo. Ou gen kat (4) opsyon:

- Konekte sou MyGeisinger/MyChart epi chwazi “fakti,” apre sa a chwazi “estimasyon” nan meni an.
- Rele nan nimewo [800-640-4206](tel:800-640-4206).
- Ale sou geisinger.org epi chèche “zouti ou ka itilize” pou ou jwenn aksè ak zouti rapid epi gratis nou an ki ba w yon estimasyon sou responsablite pataj pri w la.
- Rankontre an pèsòn ak yon konseye finansye nan nenpòt etablisman lopital Geisinger.

Si w pa gen asirans, yon konseye Geisinger Trusted ka ede w.

Nou te sètifye asistan Pennie yo ki resevwa fòmasyon sou Marketplace Asirans Eta Pennsylvania ak pwogram Asistans Medikal Pennsylvania an. Yo ka ede w jwenn asirans anvan w gen sèvis swen sante yo.

Rele nan [855-849-1510](tel:855-849-1510) pou ou pale ak yon Konseye Geisinger Trusted oswa pou ou pran yon randevou fas a fas. Sèvis sa a gratis.

Si w pa gen asirans epi w chwazi pou ou gen sèvis, gen yon rabè ki ka disponib. Nan anpil ka, ou dwe peye pou sèvis sa yo davans. Kontakte yon konseye finansye pou ede w.

Sèvis ki pa gen kouvèti asirans

Gen kèk sèvis asirans lan pa kouvri. Ou responsab pou ou chèche konnen kisa founisè asirans sante w la kouvri anvan ou resevwa sèvis yo. Ou ka chwazi resevwa sèvis ki pa gen kouvèti asirans. Kontakte yon konseye finansye pou ede w.

Fakti asirans

Èske Geisinger patisipe oswa èske li nan rezo a avèk asirans mwen an?

Geisinger patisipe ak anpil plan asirans, epi lis asirans yo kontinye ap grandi. Pou dènye lis la:

- Ale sou geisinger.org epi chèche asirans yo aksepte.
- Rele nan nimewo [800-640-4206](tel:800-640-4206).

Si asirans ou an pa patisipe ak Geisinger, n ap toujou ede w ranpli yon reklamasyon.

- Si w gen yon plan Òganizasyon pou Antretyen Sante [Health Maintenance Organization, HMO] ki pa patisipe nan rezo Geisinger a, otorizasyon finansye ak estimasyon peman pou depans medikal ki ajiste yo obligatwa anvan w ka pran yon randevou.* Epi ou ou pral responsab pou nenpòt balans apre asirans. Lè jwenn yon founisè ki patisipe (nan rezo a), sa a ka ede w diminye depans ki soti nan pòch ou yo.
- Si w gen yon Plan Òganizasyon Founisè Prefere (Preferred Provider Organization, PPO) ki pa patisipe nan rezo Geisinger a, w ap responsab pou depans ki pi wo yo pase si w ta ale kay yon founisè ki patisipe (nan rezo a).

**Y ap refere moun ki enskri nan Medicaid pou yo chèche swen nan rezo pa yo si yo pa gen apwobasyon davans konpayi asirans yo a.*

Èd pou ranpli reklamasyon

Nou kontan depoze reklamasyon ou yo pou nenpòt plan asirans nan peyi Etazini, ansanm ak Medicare ak Asistans Medikal Pennsylvania (Medicare and Pennsylvania Medical Assistance). Men sa a ou ta dwe pote nan randevou w la:

- Kat asirans ou
- Nenpòt fòm reklamasyon ki soti nan konpayi asirans ou an
- Nenpòt fòm ki soti nan enstitisyon kote w ap travay la

Kilè mwen dwe fè peman?

Ou dwe peye kèk depans anvan oswa nan moman ou resevwa swen an. Nou pral voye fakti ba ou pou nenpòt rès lajan ki poko peye jan founisè asirans ou an detèmine sa a.

Plan peman

Si w pa ka peye tout rès lajan ki poko peye a lè moman ou ta dwe peye a rive, kontakte nou touswit. Konseye finansye nou yo pral kontan diskite sou plan peman* ak lòt opsyon.

- Etabli yon plan peman poukont ou lè w konekte sou MyGeisinger/MyChart.
- Rele nou nan nimewo [800-640-4206](tel:800-640-4206).
- Pale an pèsòn ak yon konseye finansye

**Yo etabli plan peman sou rès lajan ki poko peye ki plis pase \$100.*

Pwogram asistans finansye

Geisinger ofri yon pwogram asistans finansye ki ede pasyan yo dapre gid sou revni ak kantite moun ki nan fanmi an.** Pou ou aprann plis:

- Ale sou geisinger.org/patient-care/patients-and-visitors/billing-and-insurance/need-help.
- Rele nan nimewo [800-640-4206](tel:800-640-4206).
- Rankontre ak yon konseye finansye nan nenpòt etablisman lopital Geisinger.

***Menm si pwogram èd finansye Geisinger a kouvri pifò sèvis yo, gen kèk sèvis ki pa gen kouvèti asirans.*

Fakti anplis

Ou ka resevwa yon fakti apa nan men founisè oswa lòt kote ki pa Geisinger. Sèvi ak enfòmasyon pou kontak ki sou fakti sa yo pou ou aprann sou opsyon peman yo.

Tèm Kle

Pi ba a w ap jwenn yon lis tèm kle ou ta dwe konnen byen ki gen pou wè ak kantite lajan ou dwe Geisinger.

Ko-peman oswa “kotizasyon” – Sa a se pati nan fakti medikal ou a ou dwe peye chak fwa w ale kay doktè a. Sa a se yon frè ki tabli davans founisè asirans sante w la detèmine epi ou dwe peye l nan dat sèvis la.

Franchiz – Sa a se kantite lajan ou dwe peye pou tretman medikal anvan founisè asirans sante w la kòmanse peye - pa egzanp, \$1,000 pou chak moun oswa \$3,000 pou chak fanmi. Nan pifò ka yo, gen yon nouvo franchiz yo dwe peye chak ane.

Ko-asirans – Sa a se pati fakti w la, souvan anplis kopeman ak franchiz, ou dwe peye. Anjeneral ko-asirans lan se yon pousantaj total fakti medikal la - pa egzanp, 20%.

Tretman ijan oswa ijans – Yo ka defini sèvis ijans yo kòm yon sèvis ki obligatwa lè yon doktè detèmine swen imedya nesèsè pou evite andikap oswa lanmò oswa pèt yon manm.

Swen ki pa ijan ak sèvis – Swen ki pa ijan se swen oswa sèvis medikal ki ka pwograme pou yon lòt lè. Si swen w lan pa ijan oswa si se pa yon ijans, ou dwe peye pou yon pati nan fakti a nan moman ou resevwa sèvis la. Si w planifye pou ou resevwa swen ki pa ijan, rele nou anvan w pran randevou medikal ou yo. N ap revize opsyon peman yo avèk ou menm.